

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Nyarita miboga tujuan anu sipatna informatif ka balaréa. Nilik kana pamadegan Nurgiantoro (dina Haerudin & Suherman 2013, kc. 83) nyarita téh mangrupa aktivitas dina ngagunakeun basa nu dilakukeun ku manusa sanggeus aktivitas ngaregepkeun. Nyarita ogé mibanda harti séjén nyaéta kagiatan nepikeun maksud (ide, pikiran, eusi haté) ti hiji jalma ka jalma lian nu maké basa lisan sangkan maksudna kapiharti ku nu ngaregepkeun. Cindekna, yén nyarita téh mangrupa kamampuh hiji jalma dina ngébréhkeun pikiran, gagasan, jeung perasaan sacara lisan pikeun ngahasilkeun ide-ide.

Nyarita aya patalina jeung dongéng, sabab dongéng bisa ditepikeun sacara lisan atawa tulisan. Dongéng kaasup kana budaya Sunda anu lahir sacara turun-tumurun, sumebarna ngaliwatan lisan. Luyu jeung Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda (KIKD), pangajaran dongéng aya dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Muatan Lokal Kurikulum 2013 Révisi 2017 jenjang SMP/MTs yén pangajaran dongéng téh diajarkeun di kelas VII luyu jeung KD 3 anu *eusina mengidentifikasi nilai-nilai dongeng sasakala sesuai dengan fungsi sosial, struktur teks dan unsur kebahasaan*. Jeung KD 4 anu *eusina menyusun peta pikiran/konsep dongeng sasakala yang telah disimakinya sesuai dengan fungsi sosial, struktur teks dan unsur kebahasaan jeung mengkomunikasikan dongeng sasakala dengan bahasa sendiri sesuai dengan fungsi sosial, struktur teks dan unsur kebahasaan*.

Dumasar Kompetensi Dasar di luhur, aya kompetensi anu kudu dihontal dina pangajaran dongéng nya éta siswa kudu bisa nyusun konsép jeung ngomunikasikeun dongéng ku basana sorangan nu saluyu jeung fungsi sosial, struktur téks jeung unsur kabasaanna.

Dumasar kana hasil diajar siswa, nalika lumangsungna jam pangajaran basa Sunda utamana dina pangajaran dongéng siswa masih kurang parigel dina ngadongéng. Lantaran kurangna kapercayaan jeung kurangna kosa kecap siswa dina basa Sunda. Hal ieu katitén tina hasil diajar siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung nalika matéri ngadongéng, lolobana siswa can mampuh ngahontal tujuan pangajaran. Lian ti éta, perluna média anu kreatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran ngadongéng..

Dumasar kana hasil obsérvasi ka SMP Negeri 4 Bandung ku cara wawancara. Guru ngajéntrékeun yén pangajaran basa Sunda utamana dina kaparigelan ngadongéng, kaasup kana kaparigelan anu hésé. Éta hal dititén tina pamakéan basa siswa tara ngagunakeun basa Sunda, antukna siswa jadi kurang percaya diri jeung siswa kawatesanan dina ngawasa kosa kecap basa Sunda. Lian ti éta, guru SMP Negeri 4 Bandung ngajéntrékeun yén dina pangajaran ngadongéng téh siswa masih kurang antusias jeung ngarasa bosen lantaran kurangna média pangajaran anu variatif jeung kréatif pikeun ngarojong kana kagiatan diajar-ngajar.

Dina prosés diajar ngajar téh tangtuna moal leupas tina peran sarta nu jadi guru. Salaku tanaga pangajar, guru kudu parigel dina hal nepikeun bahan pangajaranna sangkan siswa ngarasa betah di kelas, jeung teu ngarasa bosen nalika nyanghareupan rupa-rupa pangajaran nu baris ditepikeun, hususna pangajaran ngadongéng. Ieu hal jadi pasualan pikeun guru, sabab guru kudu miboga peran aktif pikeun ngaping siswa dina diajar ngamangpaatkeun jeung ngagunakeun média anu diperlukeun pikeun ngarojong motivasi diajar siswa.

Prosés kagiatan diajar ngajar moal mungkin bisa mandeg mandiri, aya patalina jeung komponén matéri sarta waktu. Léngkah pangajaran ngawengku rangkaian kagiatan anu kudu dipilampah ku guru jeung siswa sacara sistematis atawa ngurut sarta bisa cocog jeung kamekaran siswa dina prosés pangajaran. Dumasar pedaran diluhur, perlu ayana tarékah pikeun ngungkulan éta bangbaluh, utamana bangbaluh dina kaparigelan ngadongéng. Salasahiji tarékah nu dimaksud nyaéta ngaliwatan pangajaran ngadongéng nu dibarung ku Média Wayang Kertas nu tangtuna bisa ngalatih siswa parigel nyarita dina basa Sunda, lian ti éta, kaparigelan ngadongéng ogé bisa nambahan pangaweruh siswa ngeunaan dongéng-dongéng nu aya di Tatar Sunda.

Nurutkeun Sadiman, spk (2011, kc. 7) média pangajaran nyaéta naon-naon nu bisa dipaké pikeun neupikeun amanat ti nu ngirim ka nu narima nepika bisa muka pikiran, perasaan, jeung karep siswa sangkan kagiatan diajar bisa lumangsung kalayan lancar. Média mangrupa salasahiji faktor penting dina kagiatan pangajaran. Média anu dilarapkeun dina pangajaran bisa ngaronjatkeun kahayang jeung minat anyar, ngawangun kapercayaan diri jeung bisa ngahudangkeun susasana diajar anu leuwih interaktif. Média Wayang Kertas mangrupa salasahiji média nu dijieun tina kertas nu ngabentuk tokoh-tokoh nu didémonstrasikeun ku guru salaku alat pangajaran pikeun ngaronjatkeun kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan nyarita siswa (dina Juniarto,

2017, kc. 50). Salian ti ngaronjatkeun kaparigelan nyarita, Média Wayang Kertas ogé ngandung mangpaat pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa sangkan aktif dina ngaéksprésikeun ide-ide dina pernyataan lisan pikeun ngalatih komunikasi ngarah leuwih wantér.

Nurutkeun Juniarto (2017, kc. 53) media wayang kertas téh bisa nyieun pangregep téh kairut jeung bisa nyiptakeun suasana nu teu ngabosenkeun. Tapi, nurutkeun Sanaky (2009, kc. 86) yén media wayang kertas téh bakal kurang ngirut jeung ngabalukarkeun pangregep jadi bosen saupama teu ngagunakeun téhnik nu bener.

Luyu jeung pasualan nu geus dipedar diluhur, panulis ngayakeun panalungtikan nu judulna Média Wayang Kertas pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Ngadongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung).

Nurutkeun Andrean Seka (2019, kc. 1150) nyindekkeun yén média wayang bisa dilarapkeun salaku média pangajaran dina nyarita. Lian ti éta, aya sababaraha panalungtikan séjénna anu maluruh ngeunaan média wayang jeung ngadongéng. Dina skripsi Nur Laylinaumi Rahmawati (2011) anu judulna *“Keefektifan Penggunaan Media Wayang Dongeng dan Media Fotonovela Dengan Teknik Permainan Resep Gotong Royong Untuk Meningkatkan Keterampilan Bercerita Pada Siswa Kelas VII SMP”*. Dina Skripsi Tri Rosita Maryati (2020) anu judulna *“Pengaruh Alat Peraga Wayang Kertas Terhadap Keterampilan Berbicara Pada Siswa Kelas III SDN 5 Jenggala”*, jeung panalungtikan dina skripsi Malik Fajar (2021) anu judulna *“Média Wayang Golék Fabel pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngadongéng: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-7 SMP Negeri 11 Taun Ajar 2020/2021”*.

Sok sanajan panalungtikan di luhur médiana sarupa ngagunakeun wayang, tapi aya anu ngabédakeun tina panalungtikan nu geus aya nyaéta dina ieu panalungtikan wayangna dijieun tina kertas sangkan leuwih praktis jeung dongéngna ngeunaan légenda. Larapna ngadongéng ngagunakeun média wayang kertas téh mangrupa hiji udagan sangkan pangajaran kahontal nyaéta siswa bisa kairut kana wayang sarta nuwuhkeun imajinasi siswa dina ngadongéng. Lian ti éta, média wayang kertas teu ngan saukur guru nu bisa ngaplikasikeunna, tapi ogé siswa bisa silih gentian nyobaan ngaplikasikeun média wayang kertas pikeun dilarapkeun dina pangajaran nyarita. Tina hasil panalungtikan di luhur jadi dadasar panulis pikeun neruskeun jeung mekarkeun *“Média Wayang Kertas pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Ngadongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung)”*.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur aya sawatara masalah nu nyampak saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun Média Wayang Kertas?
- b. Kumaha kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Média Wayang Kertas?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Média Wayang Kertas?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana hal anu geus dipedar dina kasang tukang masalah jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kumaha cara pikeun néang cara diajar ngaliwatan média pangajaran di kelas anu hadé. Ku kituna, digunakeun Média Wayang Kertas pikeun nguji dina pangajaran dongéng ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun Média Wayang Kertas;
- b. kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Média Wayang Kertas; jeung
- c. béda anu signifikan antara kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A di SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Média Wayang Kertas.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu baris dipedar di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban panalungtikan ditilik tina kumaha cara ngajar ka budak jeung pamarekan antara guru jeung murid pikeun néang

solusi anu nyampak dina prosés kagiatan pangajaran di kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Ku ayana média wayang kertas, siswa dipiharep bisa éksprésif jeung percaya diri dina ngadongéng. Salian ti éta, dipiharep bisa ngamotivasi guru dina mekarkeun inovasi jeung kréasi média pangajaran, hususna média wayang kertas dina pangajaran dongéng.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat saperti di handap.

- a. Pikeun siswa, sangkan ieu Média Wayang Kertas dipiharep bisa ngirut siswa kana pangajaran dongéng di kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung.
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi sangkan leuwih variatif dina nepikeun matéri sarta bisa dijadikeun motivasi pikeun ngalarapkeun média pangajaran anu séjénna sangkan siswa leuwih aktif jeung kréatif.
- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panalungtik sakalu calon lulusan Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, sarta ngalatih panulis dina nganalisis média pangajaran di kelas.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi kabagi jadi lima bab, saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, mangpaat sacar tioritis, mangpaat sacara praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Dina Ulikan Tiori eusina ngeunaan média pangajaran anu medar wangenan, ciri-ciri jeung mangpaat. Média Wayang Kertas anu ngaguar ngeunaan wangenan, léngkah-léngkah, kaonjohan jeung kahéngkérana. Tiori nyarita anu ngaguar ngeunaan wangenan nyarita, tujuan nyarita, jeung mangpaat nyarita. Tiori ngeunaan dongéng anu ngaguar ngeunaan wangenan, unsur-unsur, ciri-ciri, jeung wanda ngeunaan dongéng.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur/alur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu ngaguar ngeunaan uji sipat data jeung uji hipotésis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngawengku kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun Média Wayang Kertas, kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Média Wayang

Kertas, béda anu signifikan antara kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Média Wayang Kertas.

Bab V Panutup, ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi tina panalungtikan, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.